QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ SHOMANAY RAYONÍ HÁKIMINIŃ SH E SH I M I

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI SHUMANAY TUMANI HOKIMINING Q A R O R I

2021 - yil 19 - noyabr 153-13-193-Q/21 Shomanay rayonı hákimligi

**Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 11-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-noyabrdegi "2024-jıl Parijde (Franciya) bolıp ótetuǵın XXXIII jazǵı Olimpiada hám XVII Paralimpiya oyınlarına Ózbekstan sportshıların kompleks tayarlaw tuwralı" PQ-5281-sanlı qararı tuwralı» 146-13-0-Q/21-sanlı qararı haqqında**

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 11-noyabr kúngi 146-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlanıwın támiyinlew maqsetinde

ShEShIM ETEMEN:

1. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2021-jıl 11-noyabr kúngi «Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 5-noyabrdegi "2024-jıl Parijde (Franciya ) bolıp ótetuǵın XXXIII jazǵı Olimpiada hám XVII Paralimpiya oyınlarına Ózbekstan sportshıların kompleks tayarlaw tuwralı" PQ-5281-sanlı qararı tuwralı» 146-13-0-Q/21-sanlı qararı orınlaw ushın basshılıqqa alınsın:

2. Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń qararı menen:

Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı, Turizm hám sport bas basqarması, Ózbekistan Milliy olimpiada komitetiniń Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı wákili hám Ózbekistan Milliy paralimpiya komitetiniń Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı wákili menen kelisken halda eki ay múddette Olimpiada hám Paralimpiya oyınlarına milliy komanda sportshılarınıń tayarlanıwın támiyinlew maqsetinde kórsetkishler boyınsha aymaqlıq programmalardı islep shıǵıw hám tastıyıqlaw tapsırılǵanlıǵı;

bunda, tómendegiler názerde tutıw:

sport bazalarınıń byudjetten tısqarı hám qáwenderler qarjları esabınan qurılısı, qayta qurılısı, kapital remontlanıwın támiyinlew, olardıń tolıq isletiliwi ushın tiyisli shárt-shárayatlar jaratıw, zamanagóy sport úskeneleri, sonday-aq, avtotransport quralları menen támiyinlew tapsırılǵanlıǵı;

Olimpiada hám Paralimpiya oyınlarına tayarlıq kórip atırǵan milliy komanda sportshıları, trenerlari hám basqa qánigelerin materiallıq jáne social qollap-quwatlaw, olardıń xojalıq sharayatların jaqsılaw belgilengenligi;

Olimpiada hám Paralimpiya oyınlarına tayarlıq kórip atırǵan aymaqlıq komanda sportshıları, trenerlari hám basqa sport qánigeleriniń respublika hám xalıq aralıq sport ilajları hám de oqıw-shınıǵıw jıyınlarında úzliksiz qatnasıwın támiyinlew tapsırılǵanlıǵı;

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 24-yanvardaǵı "Ózbekstan Respublikasında dene tárbiyası hám sporttı jáne de jetilistiriw hám ǵalabalastırıw ilajları tuwralı" PF-5924-sanlı Pármanı menen belgilengen, keleshektegi, rawajlanıp atırǵan sport túrlerine qánigelestirilgen rayon (qala)larda usı Párman menen belgilengen tiyisli sport túrlerin rawajlandırıw hám ǵalabalastırıw hám de zárúr shárt-shárayatlar jaratıw ilajların kóriw belgilengenligi;

orınlarda olimpiada hám paralimpiya sport túrlerin rawajlandırıw hám muwapıqlastırıw, stilistik qollap-quwatlaw hám monitoring qılıw maqsetinde sport federaciya (associaciya)larınıń aymaqlıq bólimlerin dúziwi, sonıń menen birge, olardıń finanslıq hám materiallıq-texnikalıq bazasın bekkemlewge kómeklesiw tapsırılǵanlıǵı;

orınlardaǵı basshı kadrlar arasınan kandidatlardı sport federaciya (associaciya)ları aymaqlıq bólimleriniń basshısı lawazımına usınıs etiw ilajların kóriw tapsırılǵanlıǵı;

Turizm hám sport bas basqarması, Qaraqalpaqstan Teleradiokompaniyası, Informaciya hám ǵalabalıq kommunikaciyalar basqarması, Ózbekistan Milliy olimpiada komitetiniń Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı wákili, Ózbekstan Milliy paralimpiya komitetiniń Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı wákili, Nókis qalası hám rayonlar hákimlikleri usı qarardıń mazmun-mánisi, Olimpiada hám Paralimpiya oyınlarına tayarlıq kórip atırǵan Qaraqalpaqstan sportshıları tuwrısında qısqa metrajli videoroliklar hám de arnawlı kórsetiwler tayarlanıwın hám ǵalaba xabar quralları nda keń sáwlelendiriliwin támiyinlew tapsırılǵanlıǵı maǵlıwmat ushın qabıl etilsin.

3. Rayon hákiminiń orınbasarı (Qaypnazarov), rayonlıq turizm hám sport bólimi (Ataniyazov menen

birgelikte qararda belgilengen tapsırmalar boyınsha tiyisli ilajlardı ámelge asırıw tapsırılsın.

4. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń orınbasarı A.Qaypnazarovqa júklensin.

**Hákim** **B.Yangibaev**